

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Pangajaran nulis mangrupa salah sahiji komponén kaparigelan makéna basa. Salaku salah sahiji komponén dina kaparigelan makéna basa, nulis mibanda kalungguhan nu penting nya éta mangrupa alat pikeun nyatet atawa ngarekam, ngayakinkeun, ngalaporkeun, atawa méré nyaho jeung mangaruhan jalma lian.

Kaparigelan nulis ogé henteu bisa kapimilik kalawan otomatis, tapi butuh waktu prosés, pangalaman, jeung butuh latihan nu inténsif. Ku kituna dipiharep pangajaran nulis bisa ngirut siswa sangkan resep kana nulis. Salah sahiji nu ngarojong kana minat siswa téh nya éta guru, ku kituna guru kudu ngajadikeun kondisi diajar ngajar nu hirup, ngamotivasi siswa anu biasana pasif jadi aktif keur lumangsungna diajar ngajar. Téhnik pembelajaran mangrupa salah sahiji aspék anu biasana digunakeun guru nalika nepikeun bahan pangajaran di kelas.

Dina ieu panalungtikan nu nyusun baris ngujicobakeun téhnik urun rempug dina pangajaran nulis karangan éksposisi. Anapon métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode kuasi ékspérimén atawa ékspérimén pura-pura.

Dina ieu panalungtikan anu digunakeun nya éta téhnik ngumpulkeun data nya éta ku cara méré tés. Tés anu digunakeun nya éta pratés jeung pascatés, nya éta pikeun mikanyaho hasil panalungtikan saacan jeung saenggeus ngagunakeun téhnik urun rempug. Anu satuluyna téhnik ngolah data ku cara ngumpulkeun karangan

barudak tuluy dipeunteun kalawan ngagunakeun pedoman meunteun karangan anu geus ditangtukeun.

Saenggeus hasil karangan dipeunteun, satuluyna dina bab 4 dipedar ngeunaan hasil analisis panalungtikan ku cara nguji sipat data anu ngawengku (1) Uji Normalitas

Hasil tina itungan uji normalitas peunteun pratés nétélakeun yén $\chi^2_{itung} < \chi^2_{tabel}$ nya éta $6,01 < 11,3$. Jadi distribusi skor pratés dina taraf kapercayaan 99% tétéla normal. Kitu deui dina hasil itungan uji normalitas peunteun pascaté nétélakeun yén $\chi^2_{itung} < \chi^2_{tabel}$ nya éta $7,49 < 11,3$. Jadi distribusi skor pascaté dina taraf kapercayaan 99% tétéla normal.

(2) Uji Homogénitas

Dina ieu panalungtikan, tétéla yén hasil ngitung jeung katangtuan uji homogénitas di luhur, distribusi variansi data pratés jeung pascaté kaasup homogén ($f_{itung} < f_{tabel}$), ($1,22 < 2,30$).

(3) Uji Gain

Gain antara pratés jeung pascaté jumlahna 32 (tilu puluh dua) siswa jeung rata-rata gainna 1,29. Upama dititén tina rata-rata peunteun pratés jeung pascaté siswa nya éta asalna 4,90 ningkat jadi 6,19. gedéna pangaruh téhnik urun rempug dina pangajaran nulis karangan éksposisi nya éta 1,29.

(4) Uji hipotésis

Dina taraf kapercayaan 99% kalawan db 31 mangka $t_{itung} > t_{tabel}$ ($13 > 2,66$).
Ku kituna, mangka bisa dicindekkeun yén aya béda anu signifikan antara pratés jeung pascaté ngagunakeun téhnik urun rempug.

5.2 Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan sarta tina pangalaman sacara langsung nganalisis karangan éksposisi siswa kelas VII SMPN I Karawang, nu nulis baris nepikeun saran-saran sangkan kamampuh nulis karangan siswa bisa ngaronjat, saperti anu disebutkeun ieu di handap.

- 1) Ngagunakeun téhnik pembelajaran mangaruhan pisan kana kabeh kagiatan pangajaran. Guru bisa milih sarta ngagunakeun rupa-rupa téhnik pangajaran anu hadé pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran.
- 2) Saran pikeun guru nya éta siswa bisa parigel dina nulis, lamun guru bisa ngabingung siswa dina ngalatih kaparigelan nulis sahingga dipiharep kréativitas sarta préstasi dina nulis bisa leuwih ngaronjat.
- 3) Aspék anu kurang ningkat dina nyumponan wangun gramatikal jeung éjahan. Ku kituna guru dipiharep bisa leuwih ningkatkeun éta aspék, sangkan pangaweruh ngeunaan aturan dina nulis bisa dipikaharti ku siswa.